

The Baptism of Our Lord

Matthew 3:1-6, 13-17

John Preaches Repentance

In those days John the Baptist came preaching in the wilderness of Judea, 2 “Repent, for the kingdom of heaven is at hand.” 3 For this is he who was spoken of by the prophet Isaiah when he said, “The voice of one crying in the wilderness: ‘Prepare the way of the Lord; make His paths straight.’”

4 Now John wore a garment of camel’s hair and a leather belt around his waist, and his food was locusts and wild honey. 5 Then Jerusalem and all Judea and all the region about the Jordan were going out to him, 6 and they were baptized by him in the river Jordan, confessing their sins.

Jesus Baptized by John


13 Then Jesus came from Galilee to the Jordan to John, to be baptized by him. 14 John would have prevented Him, saying, “I need to be baptized by You, and do You come to me?” 15 But Jesus answered him, “Let it be so now, for thus it is fitting for us to fulfill all righteousness.” Then he consented. 16 And when Jesus was baptized, immediately He went up from the water, and behold, the heavens were opened to Him, and He saw the Spirit of God descending like a dove and coming to rest on Him; 17 and behold, a voice from heaven said, “This is my beloved Son, with whom I am well pleased.”

(Read also: Mark 1:9-11, Luke 3:21,22, John 1:29-35)

Matthew 28:18-20

The Great Commission

18 And Jesus came and said to them, “All authority in heaven and on earth has been given to Me. 19 Go therefore and make disciples of all nations, baptizing them in the name of the Father and of the Son and of the Holy Spirit, 20 teaching them to observe all that I have commanded you. And behold, I am with you always, to the end of the age.”



“You are My beloved Son; with You I am well pleased.” Mark 1:11

Rubhapatidzo RwaShe Wedu

Mateo 3:1-6,13-17

Johani Mubhabhatidzi anogadzira nzira

1 Mumazuva iwayo Johani Mubhabhatidzi akauya achiparidza murenje reJudhea, 2 achiti, “Tendeukai, nokuti umambo hwokudenga hwava pedyo.” 3 Uyu ndiye akataurwa kubudikidza nomuprofito Isaya zvichinzi: “Inzwi rounodanidzira murenje richiti, ‘Gadzirai nzira yaShe, ruramisai migwagwa yake.’”

4 Nguo dzaJohani dzakanga dzakagadzirwa nemvere dzengamera uye akanga akasunga bhanhire redehwe muchiuno chake. Zvokudya zvake zvaiva mhashu nouchi. 5 Vanhu vakabuda vakaenda kwaari vachibva muJerusarema nomuJudhea yose nomudunhu rose reJorodhani. 6 Vachireurura zvivi zvavo vakabhabhatidzwa naye murwizi rweJorodhani.

Kubhabhatidzwa kwaJesu

13 Ipapo Jesu akabva kuGarirea akauya kuJorodhani kuti azobhabhatidzwa naJohani. 14 Asi Johani akaedza kumudzivisa achiti, “Ini ndini ndinotofanira kubhabhatidzwa nemi, imi mouya sei kwandiri?”


15 Jesu akati, “Ngazvive saizvozvo iye zvino; zvakafanirwa kuti tiite izvi kuti tizadzise kururama kwose.” Ipapo Johani akabvuma hake. 16 Jesu angobhabhatidzwa, akabuda mumvura. Panguva iyoyo denga rakazaruka, uye akaona Mweya waMwari uchiburuka senjiva uye ukasvikogara paari. 17 Inzwi rakabva kudenga richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinoda, wandinofarira.”

(Verengawo Mako 1:9-11, Ruka :21-22, Johani 1:29-35)

Mateo 28:18-20

Kutumwa Kukururu

18 Ipapo Jesu akasvika pavari akati, “Simba rose kudenga napanyika rakapiwa kwandiri. 19 Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene, 20 uye muchivadzidzisa kuti vachengete zvose zvandakakurayirai. Uye zvechokwadi ndinemi kusvikira pakuguma kwenyika.”



“Ndiwe Mwanakomana wangu, wandinoda, wandinofarira kwazvo.” Mako 1:11